



Lekòl Piblik Cambridge yo Fòm Anyèl pou Elèv yo 2022-23

Tanpri Pote I Tounen nan Premye Jou Lekòl la

Fòm sa yo trè enpòtan. Tanpri revize, siyen, epi fè pitit ou a pote tounen tout fòm yo nan premye jou lekòl la!

Ou kapab ranpli epi soumèt fòm sa yo tou sou Entènèt atravè Pòtay Fanmi nou an.

Vizite https://secure1.cpsd.us/family_portal/ oswa eskane kòd QR. →



Nòt: Ou ka jwenn tradiksyon dokiman sa yo sou sitwèb www.cpsd.us – oswa mande lekòl pitit ou a pou èd.

Enfòmasyon pou Pran Kontak	Paj 1
Lang ou Prefere	Paj 2
Estatik Militè Fanmi an	Paj 2
Anyè Enfòmasyon pou Non-Patisipasyon	Paj 2
Patisipasyon nan Kominike Medya	Paj 3
Sondaj sou Antre ak Ranvwa	Paj 5
Chwa Non (Klas 6-8 sèlman)	Paj 6
Non-Patisipasyon pou Kat Bibliyotèk (K Sèlman)	Paj 6
Non-Patisipasyon pou Divulgasyon Enfòmasyon (Lekòl Segondè Sèlman)	Paj 7
Rekonesans Politik yo	Paj 8
Divulgasyon Done Elèv yo bay Patnè Kominotè yo	Paj 9
Aksè nan Teknoloji Lakay	Paj 10
Tès pou Moun ki Gen Sentòm COVID-19 nan Lekòl la	Paj 10
Fòm sou Istwa Sante	Paj 11



Enfòmasyon sou Kontak

Tanpri mete ajou enfòmasyon sou kontak nou genyen nan dosye pou elèv ou a. Siyen isit la lè revizyon ou an fini.

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat: _____

KONTAK PRENSIPAL

Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen ki abite nan menm adrès la, toulede pral nan lis ansanm kòm Kontak Prensipal.

Prenon Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an (yo): _____

Non Fanmi Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an (yo): _____

Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen: _____ Relasyon ak Elèv la: _____

Adrès: _____

Telefòn 1 ak Deskripsyon (eg. Lakay, Manman): _____

Telefòn 2 ak Deskripsyon (eg. Lakay, Manman): _____

Telefòn Selilè 1 ak Deskripsyon (eg. Lakay, Manman): _____

Telefòn Selilè 2 ak Deskripsyon (eg. Lakay, Manman): _____

Imèl 1: _____ Imèl 2: _____

DEZYÈM KONTAK

Dezyèm Kontak la pral vid sof si paran/gadyen/moun k ap bay swen yo ap viv nan adrès ki diferan.

Prenon Dezyèm Kontak la: _____

Non Fanmi Dezyèm Kontak la: _____

Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen _____ Relasyon ak Elèv la: _____

Adrès: _____

Telefòn ak Deskripsyon (eg. Lakay, Manman): _____

Telefòn Selilè ak Deskripsyon (eg. Lakay, Manman): _____

Imèl: _____

KONTAK SI TA GEN IJANS

Tanpri bay non ak nimewo telefòn de (2) kontak si ta gen ijans. Yo pral fè moun sa yo konnen si yo pa ka jwenn paran/gadyen/moun ki bay swen.

Non: _____ Relasyon: _____ Telefòn: _____

Non: _____ Relasyon: _____ Telefòn: _____

Lekòl Piblik Cambridge yo (CPS) pral sèvi ak enfòmasyon ki nan lis anwo a pou voye apèl otomatik, mesaj tèks ak/oswa mesaj imèl pou fè paran/gadyen yo konnen sityasyon ijans tankou absans san eskiz, rive anreta, anilasyon lekòl yo ak lòt kalite ijans lekòl yo anmenmtan tou pou sansibilize sou evènman lekòl yo. Lè w siyen fòm sa a, ou dakò pou w resevwa tout kominikasyon lekòl yo, enkli kominikasyon ki pa ijans nan lekòl yo, atravè nimewo telefòn selilè (yo) ki bay anwo ak/oswa mesaj tèks yo anplis pou resevwa mesaj sa yo atravè land line (liy fiks) ak/oswa imèl. Lè w siyen fòm sa a, ou endike tou ou konprann kijan ou oblije fè CPS konnen nenpòt chanjman ki fèt nan enfòmasyon sou kontak ou yo epi ou dakò pou dedomaje Vil Cambridge, CPS, Komite Lekòl Cambridge ak ofisye li yo, direktè, manm li yo, anplwaye yo ak kont kont nenpòt reklamasyon oswa kòz aksyon ki soti nan oswa ki gen rapò ak echèk ou pou notifiye CPS yon chanjman nan enfòmasyon sou kontak ou. Lè w siyen fòm sa a, ou endike tou ou konprann kijan ou ka refize resevwa koutfil telefòn selilè ki pa ijans ak/oswa mesaj tèks lè w kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou yo retire w nan lis kontak pou koutfil yo.



Lang ou Prefere

Lekòl Piblik Cambridge pran angajman pou rann kominikasyon li an aksesib pou tout fanmi yo. Tanpri fè nou konnen lang ou prefere pou nou ka bay dokiman ki tradui oswa entèprèt lè sa nesesè.

Ki lang fanmi ou prefere pou kominikasyon alekri ki soti nan lekòl la oswa distri a?

- Amharik
- Arab
- Bangalè
- Chinwa
- Angle
- Kreyòl Ayisyen
- Koreyen
- Pòtigè
- Somali
- Panyòl
- Lòt: _____

Ki lang fanmi ou prefere pou konvèsasyon yo avèk pwofesè/anplwaye yo ki nan lekòl la oswa distri a?

- Amharik
- Arab
- Bangalè
- Chinwa
- Angle
- Kreyòl Ayisyen
- Koreyen
- Pòtigè
- Somali
- Panyòl
- Lòt: _____

Estati Militè Fanmi an

Timoun ki nan fanmi militè yo gen dwa pou jwenn konsiderasyon espesyal ki vize pou rezoud enpak negatif tranzisyon souvan yo ant distri lekòl yo. Reponn fòm sa a opsyonèl, men sa ap ede CPS detèmine konbyen nan elèv nou yo ki manm nan yon fanmi militè.

Èske elèv la se yon manm nan yon fanmi militè? (Tanpri mete inisyal ou nan repons ou an)

- ___ Non, elèv la pa manm nan yon fanmi militè (00)
- ___ Wi, yon paran/gadyen/moun k ap bay swen se yon manm aktif nan militè (01)
- ___ Wi, yon paran/gadyen/moun k ap bay swen se yon veteran oswa li te pran retrèt oswa yo te libere li pou 1 ane poutèt rezon medikal (02)
- ___ Wi, yon paran/gadyen/moun k ap bay swen te mouri pandan li te yon manm aktif nan militè (03)

Enfòmasyon nan Anyè pou Non-Patisipasyon

OPTIONNAL - Tanpri kite li VID si ou vle nou fè pwomosyon reyalizasyon elèv yo.

“Enfòmasyon nan anyè elèv” Lekòl Piblik Cambridge yo gendwa divilge (non, dat prezans, klas oswa nivo, patisipasyon nan aktivite ak espò ofisyèlman ki rekonèt yo, foto/vidyo, manm nan ekip atletik, degre, onè ak prim, domèn etid prensipal, ak plan apre lekòl segondè yo) san konsantman paran/gadyen/moun k ap okipe elèv la. Men, paran/gadyen/moun k ap bay swen yo ka refize divilge enfòmasyon sa yo. Lè mwen siyen fòm sa a, mwen endike mwen PA vle non pitit mwen an, klas oswa klas oswa lòt enfòmasyon ki espesifye nan *Gid pou Règleman Lekòl Piblik Cambridge* yo nan paj 5 nan seksyon dosye elèv yo pou divilgasyon san konsantman alekri mwen anvan.

- Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat la: _____
- Siyati Elèv la: _____ Dat la: _____



Patisipasyon nan Kominikasyon Medya

Lekòl Piblik Cambridge (CPS) yo selebre reyalyasyon elèv yo, pwofesè yo ak anplwaye yo atravè yon varyete emisyon nan medya, sou entènèt, enprime ak odyo. CPS pran angajman pou pwoteje konfidansyalite Elèv yo. Done elèv yo ka gen ladan, men se pa sa sèlman, non yon elèv, resanblans, pwononsyasyon mo, travay elèv la, pèfòmans oswa mouvman, anrejistre, sou nenpòt fòm, ki gen ladan, men pa sèlman, imaj, fim, anrejistreman, foto, anrejistreman odyo, anrejistreman videyo oswa dokiman ekri (ki refere annapre kolektivman kòm "Travay"). Paran/gadyen yo gen dwa pou otorize, pa otorize ak/oswa limite piblikasyon Travay sa yo.

Tanpri chwazi opsyon A, B, oswa C epi siyen ak mete dat nan fòm ki anba a.

A. LEKÒL PUBLIK CAMBRIDGE YO AK ENFÒMASYON NAN KOMINIKASYON MEDYA YO

Mwen otorize Lekòl Piblik Cambridge yo, òganizasyon patnè kominotè yo, ak medya enfòmasyon yo (radyo difizyon, dijital, ak/oswa enprime) pou anrejistre, filme, pran foto, fè kasèt odyo oswa kasèt videyo non pitit mwen an, imaj, resanblans, mo ki pwononse, travay elèv yo, pèfòmans, ak pwogrè ak eksperyans aprantisaj nan nenpòt fòm (ki refere annapre yo kolektivman kòm "Travay"), kit se Lekòl Piblik Cambridge yo ki fè yo, anplwaye lekòl yo, elèv yo oswa medya enfòmasyon yo (sa vle di journal, televizyon, radyo, elatriye) ki soti andeyò Lekòl Piblik Cambridge yo. Anplis de sa, mwen otorize Lekòl Piblik Cambridge yo ak medya enfòmasyon andeyò yo pou yo itilize, montre, pibliye, distribye oswa prezante Travay sa yo oswa nenpòt pati ladan yo, nan nenpòt fason, ki gen ladann san limitasyon an koneksyon avèk nenpòt materyèl Cambridge Public yo ta ka kreye. Lekòl yo ak/oswa medya enfòmasyon andeyò yo, tankou sit entènèt li yo ak medya sosyal, tankou Facebook, Instagram, LinkedIn ak Twitter, nenpòt sit entènèt Depatman Enfòmasyon, Kominikasyon, ak Sèvis Teknoloji Lekòl Piblik Cambridge te apwouve ak/oswa pou emisyon sou televizyon, ki gen ladan Aksès Edikasyonèl Cambridge (Cambridge Educational Access (CEA)) ak/oswa montre, pibliye, distribye oswa prezante enfòmasyon sa yo nan evènman kominotè oswa nan lekòl la, ak lòt piblikasyon tankou bilten lekòl, nan yon jounen pòt lib lekòl la oswa yon ekspozisyon piblik travay elèv oswa nan anons bousdetid, rekonpans, onè ak/oswa plan yon elèv apre lekòl segondè kòm yon pati nan ansèyman nan salklas la.

Lè mwen dakò pou antre nan konsantman reflechi sa a, mwen libere Lekòl Piblik Cambridge yo ak Lekòl Pitit mwen an ak ofisyè, direktè, ajan ak/oswa anplwaye respektif yo anba ak kont nenpòt ak tout responsablite, pèt, domaj, depans, reklamasyon ak/oswa kòz aksyon ki rive nan oswa ki gen rapò ak aparans pitit mwen an oswa patisipasyon nan Travay sa yo. Mwen konprann tou aparans pitit mwen an ak/oswa patisipasyon nan Travay sa yo san konpansasyon ni pou mwen ni pou pitit mwen an.

B. KOMINIKASYON MEDYA NAN LEKÒL PUBLIK CAMBRIDGE YO

Mwen otorize Lekòl Piblik Cambridge yo ak/oswa lekòl pitit mwen an pou yo anrejistre, filme, fè foto, kasèt odyo oswa kasèt videyo non pitit mwen an, imaj, resanblans, mo pwononse yo, travay elèv yo, pèfòmans ak pwogrè ak eksperyans aprantisaj sou nenpòt fòm (ki refere annapre yo kolektivman kòm "Travay"), epi sèvi ak, montre, pibliye, distribye oswa prezante Travay sa yo oswa nenpòt pati ladan yo, nan tout fason, nan objektif ak an koneksyon avèk nenpòt materyèl ki ka kreye pa Lekòl Piblik Cambridge ak/oswa. Sit entènèt lekòl la ak rezo sosyal yo, tankou Facebook, Instagram, LinkedIn ak Twitter, nenpòt sit entènèt Depatman Enfòmasyon, Kominikasyon ak Teknoloji Lekòl Piblik Cambridge yo te apwouve ak/oswa pou emisyon sou televizyon, tankou Aksès Edikasyonèl Cambridge (Cambridge Educational Access (CEA)) ak/oswa montre, pibliye, distribye oswa prezante enfòmasyon sa yo nan aktivite kominotè oswa nan lekòl la, ak lòt piblikasyon tankou bilten lekòl yo, nan yon jounen pòt lib lekòl la oswa yon egzibisyon piblik travay elèv oswa anons yon bousdetid, rekonpans, onè ak/oswa plan apre lekòl segondè yo kòm yon pati nan ansèyman nan salklas.

Lè mwen dakò pou antre nan konsantman reflechi sa a, mwen libere Lekòl Piblik Cambridge yo ak Lekòl Pitit mwen an ak ofisyè, direktè, ajan ak/oswa anplwaye respektif yo anba ak kont nenpòt ak tout responsablite, pèt, domaj, depans, reklamasyon ak/oswa kòz aksyon ki rive nan oswa ki gen rapò ak aparans pitit mwen an oswa patisipasyon nan Travay sa yo. Mwen konprann tou aparans pitit mwen an ak/oswa patisipasyon nan Travay sa yo san konpansasyon ni pou mwen ni pou pitit mwen an.

Non Elèv la: _____ Lekòl: _____ Klas: _____



C. KOMINIKASYON MEDYA NAN LEKÒL

Mwen otorize CPS ak/oswa lekòl pitit mwen an pou yo anrejistre, filme, fè foto, kasèt odyo oswa kasèt videyo non pitit mwen an, imaj, resanblans, mo pwononse yo, travay elèv yo, pèfòmans ak pwogrè ak eksperyans aprantisaj nan nenpòt fòm (ki refere annapre yo kolektivman kòm " Travay ") epi pou itilize, montre, pibliye, distribye oswa prezante Travay sa yo oswa nenpòt pati ladan yo, nan tout fason, nan objektif ak an koneksyon avèk nenpòt ki rezon ki baze nan lekòl ki gen ladan, men pa sèlman, affiche foto pitit mwen an andedan yon sal klas oswa yon bilding lekòl oswa yon koulwa lekòl, ki pèmèt pitit mwen patisipe nan pwojè lekòl ki anrejistre, sèvi ak foto, fim oswa anrejistreman pou itilizasyon ansèyman oswa pou bay sèvis, pou kreye foto pou "liv klas albòm" pou elèv yo ak fanmi yo, pou kreye bilten sal klas yo oswa lòt piblikasyon sa yo pou elèv yo ak fanmi yo ak/oswa montre, pibliye, distribye oswa prezante enfòmasyon sa yo nan aktivite kominotè oswa evènman lekòl yo (tankou nan aktivite pòt lib lekòl la oswa nan yon ekspozisyon piblik travay elèv oswa kòm yon pati nan ansèyman nan salklas) oswa pou mete pitit mwen an nan kontèks tout lekòl la tankou foto klas oswa dyaporama lekòl pou montre travay ak pèfòmans elèv yo.

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen bay pèmisyon jan sa endike nan dokiman an epi mwen otorize kareman Lekòl Piblik Cambridge yo ak/oswa Lekòl la pou yo itilize, annantye oswa anpati, non pitit mwen an, resanblans, imaj, mo pwononse yo, travay elèv, eksperyans aprantisaj, pèfòmans ak pwogrè pou rezon edikasyon.

Mwen Chwazi Opsyon: _____ (chwazi A, B, oswa C)

Non Elèv la: _____

Non Paran/Gadyen/Moun k ap Pran Swen: _____

Lekòl: _____ Klas: _____

Kominote Aprantisaj (CRLS): _____ Pwofesè/:Titilè: _____

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____

Dat: _____

Si Elèv la gen 18 an oswa Plis:

→ Siyati Elèv a: _____ Date: _____



Sondaj sou Antre ak Ranvwa

PATI A – TOUT KLAS YO: Tanpri Ede Nou Konprann Kijan Fanmi yo Anjeneral Vwayaje Pou Ale/Soti Lekòl

Nan yon jou nòmal, si gen bon tan, kijan elèv ou a pral ale lekòl nan maten epi kijan li retounen lakay li nan apre midi a? Tanpri ansèkle yon opsyon sèlman pou AM oswa PM.

Otobis lekòl	AM oswa PM
Sou bisiklèt ak paran/gadyen	AM oswa PM
Sou bisiklèt poukont li	AM oswa PM
Mache/eskwoutè/skatbòd ak paran/gadyen	AM oswa PM
Mache/eskwoutè/skatbòd poukont li	AM oswa PM
Paran ki kondwi timoun yo ki soti nan fanmi w sèlman	AM oswa PM
Pran woulib nan men lòt fanmi yo	AM oswa PM
Transpò piblik (MBTA otobis/metwo, EZRide	AM oswa PM
Taksi/Uber/Lyft	AM oswa PM

PATI B – KLAS K-8 SÈLMAN: Tanpri detaye orè regilye pitit ou a pou ede Nou nan Moman Ranvwa

Jou Semèn nan (<i>ansèkle</i>)	Plan Ranvwa (<i>mete non moun ki gen otorizasyon pou vin chèche pitit ou a</i>)
L M M J V	PIKÒP – Men moun k ap vin chèche elèv mwen: _____
L M M J V	PIKÒP – Men moun k ap vin chèche elèv mwen: _____
L M M J V	MACHE/A BISIKLÈT – Elèv mwen an (klas 3-5) pral ale lakay yo poukont li
L M M J V	ALE LAKAY NAN BIS – Elèv mwen an pral ale lakay nan _____ (non otobis la) Arè Otobis: _____
L M M J V	ALE NAN LÒT BIS – Elèv mwen an pral ale lakay nan _____ (non otobis la) Arè Otobis: _____ Non Destinasyon/Pwogram: _____ # Ri: _____ Non Adrès Lari: _____ Kòd Postal: _____
L M M J V	ALE NAN LÒT BIS – Elèv mwen an pral ale lakay nan _____ (non otobis la) Arè Otobis: _____ Non Destinasyon/Pwogram: _____ # Ri: _____ Non Adrès Lari: _____ Kòd Postal: _____
L M M J V	Elèv mwen an pral pran yon ti otobis oswa yon kamyonèt SP&R

Pou Jwenn yon Wout Otobis: www.cpsd.us/departments/transportation

Nòt pou Pasaje Bis yo: Si elèv ou a bezwen yon otobis diferan nan maten, oswa si yo pa ka kapte orè yo pran isit la, ou DWE ranpli yon Fòm Chanjman nan Transpò, yo pral voye pa lapòs ansanm ak lèt kalifikasyon transpò ou a. Fòm nan disponib tou nan lekòl la oswa sou entènèt nan www.cpsd.us/departments/transportation.



Chwa nan Non (Klas 6- 8^{yèm} ane Sèlman)

Elèv Klas 6- 8^{yèm} ane yo Sèlman: Lekòl Piblik Cambridge yo pèmèt elèv ki nan Klas 6yèm jiska 8yèm ane pou mande non yo vle pou yo itilize pandan jounen lekòl la ak lè yo itilize zouti teknoloji edikasyonèl sou Entènèt yo. Tanpri ranpli fòm sa a epi retounen li ba lekòl pitit ou.

_____ Mwen bay pitit mwen pèmisyon pou mande yon chanjman nan non li vle itilize pandan jounen lekòl la ak lè l ap itilize zouti teknoloji edikasyonèl sou Entènèt yo.

_____ Mwen PA bay pitit mwen pèmisyon pou mande yon chanjman nan non li vle itilize pandan jounen lekòl la ak lè l ap itilize zouti teknoloji edikasyonèl sou Entènèt yo.

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat la:

Non Paran/Responsab Legal/Moun k ap Pran Swen: _____

Non Patisipasyon pou Kat Bibliyotèk Piblik Cambridge (Kindègadenn sèlman)

OPSYONAL - Tanpri kite I VID si ou vle yon kat bibliyotèk pou elèv ou a.

Lekòl Piblik Cambridge yo ak Bibliyotèk Piblik Cambridge vle pou tout elèv kindègadenn yo gen kat bibliyotèk yo. Lekòl Piblik Cambridge yo ap bay Bibliyotèk Piblik Cambridge non pitit ou a ak dat nesans li, adrès lakay li (yo), ak nimewo telefòn (yo) pou bibliyotèk la kapab bay pitit ou yon kat bibliyotèk.

SI OU VLE POU PITIT OU RESEVWA YON KAT BIBLIYOTÈK, SOTE FÒM SA A – PA SIYEN LI.

Si ou PA vle pou Lekòl Piblik Cambridge yo bay bibliyotèk enfòmasyon sa yo, tanpri ranpli fòm pou non patisipasyon sa a epi retounen li nan lekòl pitit ou a.

_____ Mwen PA vle yo bay enfòmasyon pitit mwen an nan Bibliyotèk Piblik Cambridge la.

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat la:



Non Patisipasyon nan Divilgasyon Enfòmasyon (Lekòl Segondè Sèlman)

Lekòl Segondè Sèlman - Èske ou vle pou yo kontakte elèv ou a? Si non, siyen anba a.

Yon dispozisyon nan Lwa 2001 pou No Child Left Behind, yon lwa federal, egzije pou lekòl segondè yo, lè yo resevwa yon demann, pou yo divilge non, adrès, adrès imèl ak nimewo telefòn elèv ki nan lekòl segondè bay rekritè militè Etazini yo, kolèj, inivèsite ak lòt enstitisyon edikasyonèl yo ak potansyèl patwon yo. Ou gen opsyon pou PA anpeche yo divilge enfòmasyon sa yo lè w ranpli fòm ki anba a.

POU PA PATISIPE NAN DIVILGASYON ENFÒMASYON DEBAZ SOU KONTAK LA, SIYEN ANBA A.

Mwen rekonèt epi mwen konprann mwen ka refize pou yo plibliye enfòmasyon sou kontak pitit mwen an bay rekritè militè Etazini, kolèj, inivèsite ak lòt enstitisyon edikasyonèl ak potansyèl patwon yo. An konsekans, mwen mande pou Lekòl Cambridge Rindge ak Latin PA DIVILE enfòmasyon debaz sou kontak pitit mwen an (non, adrès, adrès imèl, ak nimewo telefòn) pandan ane lekòl aktyèl la bay antite ki endike anba la yo san pèmisyon mwen anvan:

REKRITÈ MILITÈ ETAZINI YO

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat: _____

→ Siyati Elèv la: _____ Dat la: _____

PATWON POTANSYÈL YO

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat: _____

→ Siyati Elèv la: _____ Dat la: _____

KOLÈJ, INIVERSITE ak LÒT ENSTITISYON EDIKASYONÈL YO

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat: _____

→ Siyati Elèv la: _____ Dat la: _____

Si yo PA resevwa fòm sa a anvan 1ye oktòb, Y ap divilge enfòmasyon kontak debaz elèv la dapre dispozisyon ki aplikab yo nan Lwa 2001 sou No Child Left Behind la.



Rekonesans Politik yo

Tanpri METE INISYAL ou pou endike ou konprann epi dakò ak yo chak, epi siyen anba a.

Deklarasyon sa a rekonèt moun nan fwaye mwen te resevwa yon kopi *Gid pou Règleman pou Elèv ak Fanmi yo*. Nou konprann li genyen enfòmasyon enpòtan sou kòd konduit, dwa sivil ak lòt lwa ak règleman federal ak eta ki gen rapò ak edikasyon pitit ou a ansanm ak politik Komite Lekòl la ak règleman lekòl yo.

Nou menm ki siyen anba a, paran (yo)/gadyen (yo)/moun k ap pran swen (yo), dakò pou nou travay avèk estaf lekòl la pou nou asire elèv ki endike anwo a ale lekòl chak jou, eksepte pou absans ki eskize; pou yo fini devwa epi suiv Kòd Konduit ki nan Liv Manyèl sou Dwa ak Responsablite yo, ak règleman yo nan lekòl la. Nou menm ki siyen anba a, nou revize règleman espesifik sa yo ak pitit nou/pitit nou yo epi nou dakò pou nou respekte kondisyon yo:

_____ ATANDNS ELÈV (Paj 8)

Nou menm ki siyen anba a, nou revize Règleman sou Atandans lan epi nou konprann konsekans absans nan kite klas yo ak absans ki pa eskize/eskize yo.

_____ ZAM (Paj 8)

Nou rekonèt nou te resevwa epi li Règleman sou Zam Lekòl Piblik Cambridge yo ak entèdiksyon legal kont dwòg, zam, ak atak sou anplwaye lekòl yo. Siyati ki anba yo endike nou konprann Règleman sou Zam nan Lekòl Piblik Cambridge yo ak entèdiksyon legal kont dwòg, zam, ak atak sou anplwaye lekòl la epi dakò pou konfòme nou ak lwa yo jan yo ekri yo.

_____ ITILIZASYON AKSEPTAB AK KÒD ETIK LOJISYÈL YO (Paj 39-42)

Siyati nou yo anba a endike nou konprann Règleman sou Itilizasyon Akseptab la ak Kòd Etik Lojisyèl yo epi nou dakò pou nou respekte lwa yo jan yo ekri yo.

_____ DETRIKSYON DOSYE (Paj 5)

Nou menm ki siyen anba a, nou revize règleman sou Destriksyon Dosye yo epi nou konprann yo detwi dosye elèv yo pou pita nan sèt (7) ane apre gradyasyon, transfè oswa retrè nan Lekòl Piblik Cambridge yo; epi yo detwi relve nòt yo apre swasant (60) ane.

_____ (Klas 6-12 Sèlman) LWA sou PRATIK BRIMAD (ANTI-HAZING) (Paj 19)

Nou rekonèt nan dokiman sa a nou te resevwa epi li yon kopi M.G.L. Chapit 269, Seksyon 17-19, Yon Lwa ki Entèdi Pratik Brimad. Nou konprann yo dwe distribye yon kopi lwa sa a bay manm, plebe, pwomès ak kandida pou manm nan chak gwoup elèv, ekip ak/oswa òganizasyon elèv nan lekòl mwen an.

Nou konprann tou epi nou dakò pou nou respekte lwa sa a.

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat la: _____

→ Siyati Elèv la: _____ Dat la: _____



Divilgasyon Done Elèv yo bay Patnè Kominotè yo

Mwen otorize Lekòl Piblik Cambridge (CPS) yo pou yo pibliye done dosye elèv sa yo sou pitit mwen an nan Pwogram Patnè Kominotè CPS kote pitit mwen an ap patisipe pandan ane lekòl aktyèl la:

- Non
- Lekòl la
- Klas
- Imèl Elèv la
- Patisipasyon aktyèl ak anvan nan:
 - CPS Atletik; Aktivite CPS; Lòt Patnè Kominotè; Pwogram Depatman Sèvis Imèn yo
 - Chak dosye patisipasyon ta gendwa gen ladan kèk oswa tout: non pwogram, òganizasyon, ak/oswa espò; dat lè elèv la te kòmanse ak fini; frekans (reyinyon/semèn)

Pwogram Patnè Kominotè CPS yo kote pitit mwen an ka patisipe pou ane lekòl aktyèl la gen ladan men se pa sèlman:

Agassiz Baldwin Community	CitySprouts	MIT/Wellesley Upward Bound
Breakthrough Greater Boston	Community Art Center	Science Club for Girls
Cambridge Agenda for Children	Department of Human Services	St. Peter's Episcopal Church
Cambridge Community Center	Programs	The Young People's Project
Cambridge Housing Authority	Dragonfly Afterschool Program	Tutoring Plus
Cambridge School Volunteers	East End House	YMCA of Cambridge
Cambridge Youth Council	Innovators for Purpose	YWCA of Cambridge
City of Cambridge	Margaret Fuller Neighborhood House	

Mwen otorize tou Pwogram Patnè Kominotè CPS kote pitit mwen an ap patisipe pandan ane lekòl aktyèl la pou resevwa done dosye elèv sa a ki konsène pitit mwen an.

Mwen otorize tou anplwaye nan CPS ak nan Pwogram Patnè Kominotè CPS yo kote pitit mwen an ap patisipe nan ane lekòl aktyèl la pou yo pale youn ak lòt konsènan pitit mwen an, done dosye elèv yo idantifye pi wo a ak patisipasyon pitit mwen an nan Pwogram Patnè Kominotè CPS sa yo.

Lè mwen antre nan Otorizasyon sa a pou Divilge Done Elèv yo bay Pwogram Patnè Kominotè CPS yo epi mwen bay pèmasyon jan sa endike nan dokiman sa a, m ap libere Vil Cambridge ak Lekòl Piblik Cambridge yo ak ofisyè, direktè, ajan, manm ak/oswa anplwaye respektif yo nan men ak kont nenpòt ak tout reklamasyon ki fè nan oswa ki gen rapò ak divilgasyon done dosye elèv pitit mwen an nan Pwogram Patnè Kominotè CPS kote pitit mwen an te patisipe pandan ane lekòl aktyèl la ak nenpòt itilizasyon ki rive apre lè enfòmasyon sa yo fin pibliye bay benefisyè deziyen an ak ofisyè respektif yo, direktè, ajan, manm, ak/oswa anplwaye yo.

Non Elèv la: _____

Lekòl: _____ Klas: _____

Non Paran/Gadyen/Moun k ap Pran Swen: _____

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat: _____

→ Siyati Elèv la: _____ Dat la: _____



Aksè nan Teknoloji Lakay

Èske pitit ou a gen aksè kòm sadwa ak yon aparèy pèsònèl (òdinatè, laptop, Chromebook) lakay li pou fè travay yo bay nan lekòl la sou entènèt?

- Wi Non

Èske pitit ou a gen koneksyon Entènèt lakay li kòm sadwa pou l fè travay yo bay nan lekòl la sou entènèt?

- Wi Non

Tès pou Moun ki Gen Sentòm COVID-19 nan Lekòl la

Lè yon elèv demontre sentòm ki sanble ak COVID pandan lekòl la, yo ka fè tès depistaj pou li ak yon tès antijèn rapid. Si yon elèv ki gen sentòm yo resevwa yon rezilta negatif, li ka rete lekòl si l santi l byen ase. Si yon elèv ki gen sentòm yo resevwa yon rezilta pozitif, li dwe retounen lakay li. Si yon elèv ki gen sentòm yo pa kapab fè tès nan lekòl la, li dwe retounen lakay li.

ENFÒMASYON SOU ELÈV LA:

Non Elèv la: _____ # ID elèv la: _____

Lekòl: _____ Klas: _____

ENFÒMASYON SOU PARAN/GADYEN:

Non Paran/Gadyen/Moun k ap Pran Swen: _____

Nimweo Telefòn Paran/Gadyen/Moun k ap Pran Swen: _____

Imèl Paran/Gadyen/Moun k ap Pran Swen _____

KONSANTMAN:

___Wi, Mwen bay pèmisyon m pou elèv mwen an patisipe nan tès asentomatik k ap fèt nan lekòl la. Mwen konprann ke sa vle di:

- Anplwaye ki nan Depatman Sante Piblik Cambridge yo pral preleve yon echantiyon nan lekòl la
- CPS ansanm ak Depatman Sante Piblik Cambridge la pral rapòte rezilta tès ki pozitif yo ansanm ak enfòmasyon demografik yo bay Depatman Sante Piblik Massachusetts la

___Non, mwen pa bay pèmisyon pou pitit mwen an ki gen sentòm pou li resevwa yon tès antijèn rapid nan lekòl la. Mwen konprann si pitit mwen an ki gen sentòm pa kapab fè tès nan lekòl la, li dwe retounen lakay li.

→ Siyati Paran/Responsab Legal/Moun k ap Bay Swen an: _____ Dat la: _____



Fòm Istorik Sante

Pwogram Sante Lekòl



Fòm sa a ta dwe ranpli pa **PARAN/GADYEN/RESPONSAB** timoun nan. Retounen fòm ranpli a bay enfimyè lekòl pitit ou a.

Non Pitit la _____ Dat Nesans _____ Sèks _____ Klas _____ # Sal _____

Adrès _____

•••• **ENFÒMASYON SOU PARAN/GADYEN/RESPONSAB** •••••

Paran/Gadyen/Responsab #1: Non _____

Imel _____ # Tel (Lakay) _____ (Selila) _____ (Tr) _____

Paran/Gadyen/Responsab #2: Non _____

Imel _____ # Tel (Lakay) _____ (Selila) _____ (Tr) _____

Kontak nan Ka Ijan: Non _____ Relasyon _____ # Tel _____

Non _____ Relasyon _____ # Tel _____

•••• **ISTORIK MEDIKAL** •••••

Pwoblèm Sante: Èske pitit ou a gen kèk pwoblèm sante enfimyè a ta dwe konnen? Wi Non

Si WI, tanpri dekri: _____

Èske pitit ou a ka patisipe nan tout aktivite lekòl yo? Wi Non

Alèji: Èske pitit ou a gen nenpòt alèji? Wi Non Si WI, ak kisa timoun nan fè alèji? _____

Èske pitit ou a mache ak yon Epipen? Wi Non

Medikaman: Èske pitit ou a ap pran medikaman kounye a? Wi Non

Si WI, ki medikaman? _____

Istorik Medikal Pase: Dat dènye vizit lakay doktè _____

Èske pitit ou a ap oswa te resevwa swen medikal pou nenpòt nan bagay sa yo:

- | | | | | |
|---|---------------------------------|------------------------------------|------------------------------------|---------------------------|
| <input type="radio"/> Opresyon/Azma | <input type="radio"/> Dyabèt | <input type="radio"/> Maladi Ren | <input type="radio"/> Òtopedik | <input type="radio"/> Lòt |
| <input type="radio"/> Chòk Serebral/
Blesi nan Tèt | <input type="radio"/> Maladi Kè | <input type="radio"/> Sante Mantal | <input type="radio"/> Kriz Malkadi | |

••••• **ENFÒMASYON SOU FOUNISÈ MEDIKAL** •••••

Founisè Swen Prensipal: Non _____ Non klinik/Kabinè _____

Dantis: Non _____ Non klinik/Kabinè _____

Lòt Founisè: Non _____ Non klinik/Kabinè _____

Tip Asirans Sante: Mass Health Asirans Prive Lòt _____

Si ou pa gen yon doktè oswa asirans sante:

Èske ou ta renmen asistans pou jwenn yon founisè swen sante? Wi Non

Èske ou ta renmen asistans pou jwenn asirans swen sante? Wi Non

••••• **KONSANTMAN PARAN/GADYEN/RESPONSAB** •••••

Enfimyè lekòl la gen pèmisyon pou pataje enfòmasyon ak pèsònèl lekòl la jan li jije li apwopriye pou sante ak sekirite pitit mwen an. Wi Non

Enfimyè lekòl la gen pèmisyon pou pataje epi resevwa enfòmasyon konsènan pitit mwen an ak founisè swen sante pitit mwen an:

- | | |
|--|---|
| Medikaman preskri: <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non | Kondisyon medikal pitit mwen an: <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non |
| Enkyetid sante mantal/terapi: <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non | Lòt: _____ |

➔ **Siyati Paran/Gadyen/Responsab:** _____

Non ekri ak lèt detache: _____ **Dat:** _____